# КлассщIыб лэжьыгъэ

# Хэкум теухуа усэхэмкIэ 5-нэ классым щекIуэкIа урок - зэIухам и план

2025 гъ.

**Урокым и темэр: Гъатхэм теухуа усэ къеджэн.**

**Урокым и мурадыр:**

1. ЕджакIуэхэм усэ фIыуэ ялъагъуу къэгъэтэджын.
2. ЩIыуэпсым хуаIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэн.
3. Бзэм зегъэужьын, гъэхуауэ къеджэкIэр егъэфIэкIуэн.

**Къэгъэсэбэпыпхъэхэр:** компьютер, презентацэ, псалъэжьхэр, тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр, журналхэр, гъатхэм теухуа усэхэр, сурэтхэр.

**Урокым и екIуэкIыкIэр**

**Егъэдж**. ЦIыкIухэ, фэ зэрыфщIэщи, дэ нобэ диIэнур классым щIэмысу дызэджахэмкIэ урокщ. Сытыт мы урокым дгъэхьэзырын хуейуэ щытар?

**Едж:** Дэ нобэрей урокым унэ лэжьыгъэу диIащ гъатхэм теухуа усэхэр зэдгъэщIэну, ахэр зэпкърытхыну, гукIэ гъэхуауэ дыкъеджэну. Сурэт зыхуэщIхэм а темэм, усэ гуэрым теухуауэ сурэт тщIын хуеящ.

**Егъэдж.** Гъэм и нэхъ дахэу, щIэращIэу къокIуэ гъатхэр! Дунейр игъэдахэу, псэщIэ хилъхьэу къытхуоблагъэ гъатхэр. ЩIымахуэм уэс лъабжьэм щIэлъу хуабэу жеяр къэушащ. Ар къэзыгъэушар гъатхэрщ.

Гъатхэм и макъ жьгъыру зэмылIэужьыгъуэхэр дэнэкIи щызэхыбох. Мыл чэ макъ къоIу. Абы щIэх дыдэу псыхьэлыгъуэ макъкIэ зызэрехъуэкI. ЩIыуэпсым, сурэтыщI Iэзэм и плъыфэхэмкIэ сурэтым и фэр зэрызэблихъум хуэдэу, и теплъэри щIэх-щIэхыурэ ехъуэж. Гур мэусэ, псэм уэрэд жеIэ гъатхэм деж.

Абы и щапхъэщ иджыпсту флъэгъуну сурэтхэр, зэхэфхыну усэхэр. Иджы фи нэхэр зэтефпIи федаIуэт гъатхэр макъамэусым къызэриIуатэм.

**Макъамэ къоуэ, цIыкIухэр йодаIуэ.**

Фэ дауэ флъагъурэ, зэхэфщIэрэ гъатхэр? (Я гупсысэхэр жегъэIэн).

**Усэхэм къегъэджэн.**

**Сабийхэр къоджэ гъатхэм теухуа усэхэм.**

**Едж. ЩоджэнцIыкIу Алий «Гъатхэ».**

ФIэхъус апщий, щIылъэр гуфIэу

Зи ІэфІыгъэм дэуша,
Бзу гъэфІахэр зи пшынауэу
Дунейр гуапэу зыпежьа

НэщхъыфІагъэу убгъэдэлъым
Бзэр хуимыту егъэжан,
Жыги, удзи, цІыхуи, Іэщи –
Псоми ягухэр уогъэин.

Къуалэбзухэм я уэрэдхэр
Уэ уи щытхъукІэ къыщІидзащ,
Дзэл жыг дэгухэр пхуэгумащІэу
Псом япэжкІи пхуэтІэпІащ.

Псом хуэмыдэу бжэндэхъу цІыкІухэм
Я пшыналъэр бзэрэбзащ,
ЩІэжьей куэдхэр дэнэ тафи
Къыщыджэгухэу ежьэжащ.

Насып уиІэщ, гъатхэ дахэ.
Хъуа и хэкІыр уи гуфІакІэщ.
Щыгъын псоми я нэхъ дахэр
ЗыщатІагъэу уэ убжьыфІэщ.

Іэуэлъауэщ – дэни даІуэ –
Дунейм псэщІэ хэплъхьэжащ.
Жырыш лъэщхэм тес шууейхэм
Я уэрэдхэм заІэтащ.

Уэ тыгъэфІу къахуэпхьахэм
МэкъумэшыщІэхэр ехъуэхъуащ.
ИхъуреягъкІэ нэм къиплъыхьыр
ИІэгъэншэу фІыцІэ хъуащ.

Жырыш тесу щІалэ жанхэм
ГъущІыр ІэкІи къыпхуагъэш,
Сэтей джафэр щыгъын ІувкІэ
Пхуахуэпэну бэм ягъэш.

ДыпхуогуфІэ, щІым и быным
Я гъуэмылэр къэзыхьа,
Бжыгъэ имыІэу саугъэтхэр
Псэ зыІутым езыта!

**Еdж.** Тхьэгъэзит Зубер «Гъатхэ»

Гъатхэ жьыбгъэр шындэбзийхэм
Щоуэр Iэпэпшынэ,
ЛъапэпцIийуэ дыгъэ бзийм
КъыщекIухь ди унэ.

Къабзэу зитхьэщIащ дунейм.
Хьэблэр зэщIохъае.
Къуалэбзухэр пызщ ди дейм-
ЩхьэкIэр щIагъэхъае.

Сэ ди пэшым сыкъыщIокI,
СыкъыдокI ди пщIантIэм.
ГуфIэу си гур бгъэм къысфIокI,
СфIокIуэр губгъуэ щхъуантIэм.

Къыхеху бахъэр уэру щIым-
ЗэхокI гъэрэ щIырэ.
Уэс кIэ къинэр-
Хъуауэ щым-
Магъыр, макъ имыщIу.

СыкIэлъыкIуэу сигу ежьам,
Iуэхум нэр къыхуокIыр.
IитI лэжьыгъэм хуэзэшам
ЕзгъэщIэнкъэ лъэкIыр.

Iуэхуншэныр сыту гугъу.
Сыту фIы лэжьыгъэр.
Зы Iуэху гуэрым емыгугъу
ЩыIэм-
Си гур щIогъур.

**Едж. Мэз Аниуар «Гъатхэ»**

Жыгхэр къэгъэгъэнущ,
Гулъхэр къызэрокI.
Гъатхэм дыIущIэну
Псоми ди нэ къокI.

Гъатхэу плъыфэ дахэ,
КъакIуэ къеблэгъэж,
Хуэбзэрабзэу лъахэм,

Бзур къэгъэлъэтэж.

ЩIэрыщIэжу щIылъэр
ЩхъуэкIэплъыкIэ щIыж,
Жейуэ щыта жыгхэм
Бжьэхэр егъэпщIыж.

Дыгъэм и Iэпэгъуу
Удзыр щIым къыхэш.
Къуалэбзум щIэщыгъуэу
Уэрэд кърегъэш.

ЩэкIэ гъэбэгъуауэ
Мэш бэв къытхуэгъэкI.
Дызэригугъауэ
Тхьэм укъыщIигъэкI!

**Гъэунэ Борис. Усэ «Гъатхэпэ».**

ЦыIэрылъхьэм къыхаш цыIуданэу,
Iугъуэр уэнжакъым къреджыкIыр жьым.
ЩIыIэр хъуащ тIасхъэ. Уэсыр итIани
ПымыкIыу игу егъэтIыгъуэ щIым.

ДжэдыкIампIэм къипща джэджьей щIыкIэу
Дыгъэ бгъафэм щIылъэр къыщопIэнкI…
Гъатхэ махуэр хуабэм ныхуеплъэкIыу,
Шэжыпсыфэу и фэр пыхьэ-пыкIщ…

ПсэщIэ минхэр зи уэзджынэ гъатхэр
Щынэ гуартэу аддэ къыщохъей.
Сыпежьауэ зи бзэ, зи щхьэ дахэр
Сэ къызох и IэплIэм щIымахуейм.

**Усэхэр зэпкърыхын**

**Егъэдж.** Дыкъызэджа усэхэр псори зытеухуар гъэм и сыт хуэдэ зэман?

**Едж.** Ди усэхэр теухуащ дунейм и щIэрэщIэгъуэ, псэщIэ къыщыхыхьэ гъатхэ зэман насыпыфIэм.

**Егъэдж.** «ПсэщIэ къыхохьэ» жыфIащ. Дауэ ар фэ езым къызэрывгурыIуэр?

**Едж.** Гъатхэм щIым телъа уэсыр мэткIу, псыхьэлыгъуэ цIыкIухэр мажэ, удзыщIэ цIыкIухэр щIым къыхопщ, жыгхэр къогъагъэ, къуалэбзухэр къолъэтэж, дунейр къоушыж. А къэхъукъащIэ зэхуэмыдэ къомым дунейм и зэхэтыкIэ хьэлэмэтыщэхэр къагъэщI.

**Егъэдж.** Фэ сыт хуэдэ гукъыдэж къыватрэ а псоми?

**Едж.** Гъатхэм деж цIыхухэр нэфIэгуфIэ мэхъу, щIымахуэ кIыхьым иригъэзэша цIыхухэр гуфIэжу уэрамым къыдохьэ, губгъуэхэр, мэзхэр, псыхъуэхэр яуфэбгъу. Балигъхэр хадэм йолэжьыхь. Къуалэбзу къытхуеблэгъэжахэм я абгъуэхэр зэрагъэпэщыж

**Егъэдж.** Сыт хуэдэ къуалэбзухэр къэлъэтэжрэ гъатхэм деж?

**Едж.** Гъатхэм деж ди щIыпIэм къолъэтэж бжэндэхъухэр, пцIащхъуэхэр, хьэрхьупхэр, кIыгуугухэр, кърухэр.

**ЕгъэджакIуэм гъатхэм теухуа сурэтхэр егъэлъагъуэ, щэхуу макъамэ къоуэ.**

**Сурэтхэр:** Саврасов А. «Грачи прилетели», Левитан И. «Весна-большая вода», «Март».

**ЕгъэджакIуэм еджакIуэхэм сурэтхэмкIэ псалъэмакъ ядрегъэкIуэкI**

**Егъэдж.** Иджыпсту гъатхэм и сыт хуэдэ зэман?

**Едж.** Иджыпсту гъатхэм и пэщIэдзэщ.

**Егъэдж.** Сыт хуэдэ зэман сурэтыщIхэм къагъэлъэгъуар?

**Едж.** Гъатхэ.

**Егъэдж.** Сыт хуэдэ плъыфэхэр къагъэсэбэпрэ сурэтыщIхэм?

**Едж.** СурэтыщIхэм къагъэсэбэп плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр: гъатхэпэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтым ебэкIыр гъуабжэ плъыфэхэрщ (фIыцIэ, щхъуэ). Гъатхэкум щыщIэдзауэ щхъуэкIэплъыкIэм щIедзэ (къащхъуэ, щхъуантIэ, удзыфэ, хужь, гъуэжь) псэр зыгъэгуфIэ, гур зытхьэкъу плъыфэхэр.

**Егъэдж.** Дунейм и дахагъэр, и къэщIэрэщIэжыныгъэр дауэ къагъэлъэгъуа авторхэм?

**Едж.** УдзыщIэ цIыкIухэр цыпхыдзэм хуэдэу щIым къыхопщ, къудамэхэм гулъ цIыкIухэр къащI, гулъхэр къызэролъэлъ, дзыгъуэ тхьэкIумэу зыкъызэкъуах, бжьэхуц Iэрамэхэу мэгъагъэ, я мэ гуакIуэхэмкIэ дунейр ягъэнщI.

**Егъэдж.** Сыт нэхъ фыдэзыхьэхыу сурэтхэм хэлъыр?

**Едж.** ГъэщIэгъуэнщ сурэтыщIхэм ди Хэкум и природэ дахэр къызэрагъэлъэгъуар. Сурэтхэм ущеплъкIэ, уи нэгу къыщIоувэ ди губгъуэ хуитышхуэхэм, ди мэзыжьхэм псэщIэ къазэрыхыхьэр. Махуэ къэскIэ гу зылъыдмытэу блэкI гъащIэм и къэхъугъэ зэхуэмыдэхэу къагъэлъэгъуахэм гур ятхьэкъу.

**Егъэдж.** Гъэм и сыт хуэдэ зэман фэ фызыпэплъэр? ЕкIуэкIа ар? НэхъыфI дыдэу фэ сыт хуэдэ зэман флъагъур?

**Едж.** Гъэм и зэманхэм щыщу сэ нэхъыфI дыдэу слъагъур, къысхуэмыгъэсу сызыпэплъэр – гъатхэращ. Гъатхэм и пэщIэдзэм тохуэ сэ сыкъыщалъхуа махуэр. Гъатхэм хеубыдэ цIыхубзхэм я махуэшхуэр. Гъатхэм ди щIыналъэр къощIэрэщIэжри псыми, губгъуэми, тафэми хуит дыхуохъу, щIымахуэ псом унэм дыкъыщIэмыкIами, гъатхэм деж хуитыныгъэр диIэ мэхъуж.

**Тетрадым щыгъэлэжьэн**

1. **Гъатхэм теухуа псалъэжьхэр тетрадым иратхэ**

Гъатхэ махуэм гъэр егъашхэ.
Гъатхэм хыумыса щIымахуэм бгъуэтыжынукъым.
Гъатхэр дунейм и щIэрэщIэгъуэщ.

**2. Сочиненэ кIэщI ятх «Гъатхэ» фIэщыгъэцIэр иIэу.**

Гъатхэ! Сыту зэман телъыджащэ ар! Псэ зыхэмытыж дунейм жьы хуабэ къыщIехури хуэм-хуэмурэ зыкъеужьыж. Бзухэм я бзэрабзэ макъым пщэдджыжькIэ дунейр къыдоуш. ЦIыхухэм я Iэуэлъауэ макъыр губгъуэм къоIукI. Къалъху, зеужь, зеузэщI дунейм.

**Урокыр къызэщIэкъуэжын.**

**Егъэдж.** ЦIыкIухэ, нобэрей урокым сыт щIэуэ, япэм фыщымыгъуэзауэ къэфщIар, флъэгъуар, зэхэфхар?

**Едж.** Дэ макъамэ телъыджэхэм дедэIуащ, сурэтхэм деплъащ, усэ хьэлэмэтхэм дедэIуащ, псалъэжьхэр зэдгъэщIащ.

**Урокым кIэух етын.**

**ЕджакIуэ къыхэжэныкIахэм оценкэ яхуэгъэувын.**

**Унэ лэжьыгъэр етын:** АбытIэ Владимир и «Мамырыгъэр текIуэныгъэщ» усэр.